

PWOPÒZISYON PRELIMINÈ ANPLWAYE TABLO ENFRASTRIKTI ENÈJI PWÒP

I. ENTWODIKSYON

Anplwaye Komisyón Planifikasyon Enstalasyon Enèji a (oswa "Komisyón an") ap mande kòmantè sou kontni ak fòma yon Tablo Enfrastrikti Enèji Pwòp ("Tablo a") ki obligatwa dapre "Lwa pou ankouraje yon rezo enèji pwòp, avanse ekite epi pwoteje konsomatè yo" (yo rele li "Lwa sou Klima 2024"). Lwa sou Klima 2024 la bay Komisyón an responsablité pou bay yon sèl pèmi konbina pou enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, akselere aplikasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, epi asire ke benefis tranzisyon enèji pwòp la pataje avèk jistis atravè tout Eta a. Komisyón an prevwa yon ogmantasyon konsiderab nan aplikasyon pou enstalasyon enèji pwòp yo. Pou bay plis transparans ak responsabilite sou pwogrè Komisyón an nan revizyon aplikasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, Lwa a egzije ke Komisyón an kreye Tablo a an kolaborasyon ak Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman ("EEA").¹ Lwa sou Klima 2024 la egzije tou ke Depatman Resous Enèji ("DOER") detèmine chak trimès si plis pase 50 poustan aplikasyon pou ti enstalasyon enèji pwòp yo pandan 24 dènye mwa yo te apwouve otomatikman.²

Lwa sou Klima 2024 la egzije pou Komisyón an òganize yon "pwosesis patisipatif ak moun ki gen enterè" pou devlope ak enfòme konsepsyón ak kontni Tablo a. Demann kòmantè sa a fèt pou ranmase opinyon ak kontribisyón moun ki gen enterè yo.

¹ Seksyon 11 nan Lwa sou Klima 2024 la deklare ke Tablo a pral finanse atravè frè kontribisyón sou konpayi elektrik yo nan Commonwealth la.

<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2024/Chapter239>

² Lwa sou Klima 2024 la egzije pou DOER devlope estanda ak direktiv pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, epi Komisyón an pou tabli estanda epi revize enstalasyon enèji pwòp ki pi gwo yo. Dapre Lwa sa a, si Komisyón an pa bay yon desizyon nan yon delè fikse, aplikasyon an ap apwouve otomatikman e y ap bay yon sèl pèmi konbina. G.L. c. 164, § 69T(b). Menm jan an tou, si yon minisipalite pa kapab bay yon desizyon nan douz mwa, aplikan an ap resevwa yon pèmi lokal konbina otomatikman. G.L. c. 25A, § 21(d). Anplwaye DOER yo fè konnen ke pou detèmine poustantaj apwobasyon otomatik, DOER ta oblige swiv dosye yo nan yon pwosesis ki sanble ak sa Komisyón an ap itilize nan Tablo li a.

II. KONTÈKS PWOPozISYON PRELIMINÈ A

Objektif egzije Tablo a se pou ogmante transparans nan revizyon Komisyon an sou enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp. Seksyon 8 nan Lwa sou Klima 2024 la bay egzijans minimòm pou Tablo a (ak fòk yo mete plis enpòtans sou sa):³

Chapitre 25 nan Lwa Jeneral yo amande pa retire seksyon 12N, jan li parèt la, epi ranplase li ak seksyon sa a :-

Divizyon an dwe kenbe yon tablo sou entènèt an tan reyèl pou enfrastrikti enèji pwòp. Divizyon an dwe, an kolaborasyon ak biwo egzekitif enèji ak zafè anviwònman ak depatman ak biwo afilye li yo, kreye, kenbe ak mete ajou tablo a pa ranmase, facilite koleksyon ak rapò sou done ak enfòmasyon konplè sou: (i) akselere deplwaman responsab enfrastrikti enèji pwòp atravè refòm sitiyasyon ak pèmi nan yon fason ki konsistan ak egzijans legal aplikab yo, ki gen ladan, men pa limite a, limit emision gaz lakòz efè tèmik ak sou-limit yo fikse anba chapit 21N; (ii) facilite antre kominotè nan sitiyasyon ak pèmi enfrastrikti enèji pwòp; ak (iii) asire ke benefis deplwaman enèji pwòp yo pataje ak ekite pamì tout rezidan nan Commonwealth la. Tablo a dwe, kòm yon minimòm, rapòte pou dènye peryòd rapò a ak an jeneral kantite aplikasyon ki fèt, deside oswa ki an atant, enkli, men pa limite a: (i) kantite aplikasyon ki konsidere kòm enkonplè ak kantite aplikasyon ki apwouve otomatikman; (ii) dire mwayèn revizyon aplikasyon; ak (iii) nivo anplwaye mwayèn ki divize pa klasifikasyon travay. Tablo a dwe itilize graf ba, graf liy ak lòt reprezentasyon vizyèl pou facilite konpreyansyon piblik la sou pèfòmans resan ak tandans ak rezulta deplwaman enèji pwòp sou tèm long ak akimile. Divizyon an dwe òganize yon pwosesis patisipasyon pou devlope ak enfòme konsepsyon ak kontni tablo a; men, enfòmasyon ak done konplè yo dwe disponib piblikman nan yon fòma ki ka li pa machin.

Kounye a, Komisyon an bay piblik la plizyè metòd pou swiv revizyon pwojè yo. Revizyon aktyèl Komisyon an vizib pou piblik la sou sit entènèt li, sou sit pwojè dedye, ak sou paj dosye ouvè yo.⁴ Anplis de sa, piblik la ka wè tout dokiman ki soumèt pou chak dosye nan sal dosye elektwonik Depatman Itilite Piblik ("DPU").

Lwa sou Klima 2024 la, atravè etablisman yon egzijans pou Tablo a, previ yon fason pi sofistike ak plis transparan pou piblik la ka wè pwogrè revizyon pwojè yo nan Komisyon an. Gen plizyè egzanp tablo pèmi, oswa zouti ki sanble, ki itilize pa lòt ajans pèmi. Egzanp sa yo enkli Divizyon Sekirite Pipeline DPU, EPA Etazini, Depatman Planifikasyon Vil Boston, ak

³ Seksyon ki mete Tablo a an aplikasyon ap antre an vigè 18 fevriye 2025, men dispozisyon ki gen rapò ak pèmi konbine yo pap antre an vigè avan 1ye mas 2026. Se poutèt sa, Komisyon an devlope yon Tablo pwovizwa ki disponib apati 18 fevriye 2025. Gade: <https://www.mass.gov/info-details/efsb-permitting-dashboard>

⁴ <https://www.mass.gov/info-details/efsb-and-dpu-siting-open-dockets>

Konsèy Pèmi federal la. Lòt tablo pèmi yo varye selon nivo detay ak sijè siveyans (pa egzanp, etap espesifik pwojè yo konpare ak "vizyon jeneral" ki egzije pou nouvo Tablo Komisyon an).

Jan sa mansyone pi wo a, anplwaye DOER yo te eksprime ke li bezwen swiv revizyon ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo nan aplike responsablite DOER anba Lwa sou Klima 2024 la. Anplwaye Komisyon an atann yo pou yo kolabore ak DOER nan devlopman Tablo a. Anplwaye Komisyon an ak EEA ap diskite tou sou bezwen/posibilite pou angaje yon konsiltan oswa ekspè nan teknoloji enfòmasyon nan EEA pou konsepsyon Tablo final la.⁵ Tablo final la ta dwe fasil pou li, mete ajou pou asire presizyon, mande yon kantite minimòm done manyèl pou anplwaye yo antre, epi satisfè egzijans Lwa sou Klima 2024 la.

III. KÈK KESYON ENPÒTAN KONSÈNAN PWOPPOZISYON SA A

Jan sa preskri nan Lwa sou Klima 2024 la, Tablo a ap genyen karakteristik ak metrik sa yo, pou dènye peryòd rapò a ak an jeneral kantite aplikasyon ki soumèt, deside oswa ki an atant:

- Kantite aplikasyon ki konsidere kòm enkonplè;
- Kantite aplikasyon ki apwouve otomatikman;
- Dire mwayèn revizyon aplikasyon;[^]
- Nivo anplwaye mwayèn ki divize pa klasifikasyon travay;[^]
- Graf ba, graf liy, ak lòt reprezentasyon vizyèl pou facilite konpreyansyon piblik la sou pèfòmans resan ak tandans ak rezulta sou tèm long ak akimile; epi
- Konsepsyon ak kontni tablo a enfòme pa yon pwoesisis patisipasyon ak moun ki gen enterè.

Jan sa mansyone pi wo a, anplwaye Komisyon an ap kreye yon Tablo pwovizwa kòm sa egzije pa delè aplikasyon ki dekri nan Lwa a. Tablo pwovizwa a ap swiv pwojè yo ki soumèt nan Komisyon an apre dat efikasite Lwa sou Klima 2024 la. Senbòl “^” montre metrik ki disponib kounye a epi ki pral parèt nan vèsyon inisyal Tablo a (sa vle di, anvan detèminasyon konplè ak apwobasyon otomatik vin yon pati nan pwoesisis revizyon Komisyon an). Anplwaye Komisyon an akeyi opinyon moun ki gen enterè sou tout aspè Tablo a, ke yo pral konsidere nan devlopman Tablo final la.

IV. DEMANN POU KÒMANTÈ

Komisyon an akeyi kòmantè sou nenpòt oswa tout kontni pwopozisyon preliminè anplwaye yo mansyone pi wo a, ansanm ak nenpòt oswa tout kesyon ki anba a:

⁵ Yon lòt zouti ke Komisyon an ap konsidere se yon nouvo pòtal sou entènèt pou depoze aplikasyon pou enstalasyon enèji, ki ta ka jere ogmantasyon aplikasyon yo pi efikasman epi bay yon koòdone itilizatè ki pi fasil pou piblik la. Anplwaye Komisyon an rekòmande pou yo konsidere si li posib pou mete pòtal sa a ansanm ak Tablo a kòm yon karakteristik adisyonèl pou ekspòtasyon enfòmasyon yo.

1. Langaj lejislatif la egzije pou Tablo a bay enfòmasyon pou “dènye peryòd rapò a.” Kisa peryòd rapò sa a ta ka ye?
 - Ki karakteristik espesifik konsepsyon Tablo a ta dwe genyen?
2. Ki kontni adisyonèl espesifik Komisyon an ta ka konsidere pou Tablo a?
3. Ki egzanp tablo pèmi ke Komisyon an ak konsiltan li yo ta dwe konsidere?
 - Lòt eta yo itilize kat entèyaktif pou afiche kote pwojè enèji ki anba revizyon yo. Ki preokipasyon, si genyen (pa egzanp, enfòmasyon sou enfrastrikti enèji kritik (“CEII”), enterè biznis konfidansyèl/konpetitif), ajans, devlopè oswa konpayi distribisyon ka genyen sou afichaj done espasyal pwojè pwopoze yo sou yon tablo entèaktif?